

Linèt pou eklips

Gid itilizasyon



Eklips total solèy la
Lendi 8 avril 2024



TERMS AND CONDITIONS FOR USE OF ECLIPSE GLASSES

Please read these Instructions for Use carefully before using the Eclipse Glasses. Your purchase and use of the Eclipse Glasses constitutes your agreement to these Terms and Conditions. Failure to follow these Instructions for Use may result in serious personal injury, including permanent eye damage. If you do not understand these Instructions or cannot follow them diligently and completely, then you should not look at the Sun at any time, with or without the Eclipse Glasses.

The term “Eclipse Glasses” refers to the special cardboard-and-polymer optical products, marked “ISO 12312-2” and “SAFE FOR DIRECT SOLAR VIEWING”, manufactured by Rainbow Symphony of Reseda CA or American Paper Optics of Bartlett TN, and sold by Eclipse2024.org for the purpose of viewing the Sun during the solar eclipse of April 8, 2024, by or under the direct supervision of a person 18 years of age or above and in accordance with these Instructions for Use.

Observing the Sun directly, without the benefit of eye protection provided by the Eclipse Glasses, will likely result in serious personal injury, up to and including permanent eye damage and blindness. When these Instructions for Use are followed completely and precisely, the undamaged and unmodified Eclipse Glasses have been proven to be safe and effective in allowing direct, short-term viewing of the Sun. If these Instructions for Use are not followed, or if damaged or modified Eclipse Glasses are used, permanent eye injury could result.

You should never look directly at the Sun, with or without the aid of the Eclipse Glasses, if you have any temporary or permanent medical or other condition which either (1) prevents your use of the Eclipse Glasses according to these Instructions for Use, or (2) which predisposes you to an increased or special risk of incurring, worsening, or contributing to the effects of any optical condition, or other medical, health, or other condition, by looking or attempting to look at the Sun.

You should never attempt to perform any other activity (such as driving or walking) while using the Eclipse Glasses.

You agree that if you allow others to use the Eclipse Glasses, you will provide each such user with a copy of these Instructions for Use and will make sure such user reads and understands the Instructions for Use before using the Eclipse Glasses.

By using the Eclipse Glasses to view the Sun, you agree with the following:

- (a) you understand these Instructions for Use completely;
- (b) you understand and accept the risks associated with improper use of the Eclipse Glasses;
- (c) you accept full responsibility for, and assume all risks associated with, the act of viewing the Sun, with or without the use of the Eclipse Glasses; and
- (d) the Eclipse Glasses are fragile, and any damage or modification will render them immediately and permanently unusable for their intended purpose.

Release and Limitation of Liability

By way of purchasing and using the Eclipse Glasses, you are irrevocably releasing, indemnifying, and holding harmless the manufacturer and seller from any liability, loss, claim and expense (including attorney’s fees), including but not limited to bodily injury or other personal harm, which may result from using the Eclipse Glasses under any circumstances or conditions and irrespective of jurisdiction. Neither the manufacturer nor the seller will be responsible for any damages of any kind, irrespective of reasons, conditions or circumstances, including malfunctioning of the Eclipse Glasses. All risks associated with using the Eclipse Glasses rest solely and entirely with the user, irrespective of whether the Eclipse Glasses are used by the original purchaser or any third party. You fully understand and assume the risks in using the Eclipse Glasses. You confirm that you have read this release of liability and fully understand its terms and that you have given up substantial rights by purchasing and using the Eclipse Glasses.

THE MANUFACTURER AND SELLER OF THE ECLIPSE GLASSES MAKE NO WARRANTY OF ANY KIND, EXPRESSED OR IMPLIED, WITH RESPECT TO THE ECLIPSE GLASSES, INCLUDING BUT NOT LIMITED TO THE IMPLIED WARRANTIES OF MERCHANTABILITY, FITNESS FOR A PARTICULAR PURPOSE, AND NON-INFRINGEMENT. NEITHER THE MANUFACTURER NOR THE SELLER SHALL BE LIABLE FOR ANY OTHER DAMAGES, INCLUDING BUT NOT LIMITED TO DIRECT, INDIRECT, INCIDENTAL, SPECIAL, CONSEQUENTIAL, OR EXEMPLARY DAMAGES, WHETHER IN AN ACTION IN CONTRACT OR TORT (INCLUDING NEGLIGENCE AND STRICT LIABILITY), SUCH AS, BUT NOT LIMITED TO, LOSS OF ANTICIPATED PROFITS OR BENEFITS RESULTING FROM, OR ARISING OUT OF, OR IN CONNECTION WITH THE USE OR FURNISHING OF THE ECLIPSE GLASSES OR THE PERFORMANCE, USE OR INABILITY TO USE THE SAME, EVEN IF THE MANUFACTURER OR SELLER HAS BEEN ADVISED OF THE POSSIBILITY OF SUCH DAMAGES. IN NO EVENT WILL THE MANUFACTURER’S OR SELLER’S TOTAL LIABILITY EXCEED THE PRICE PAID FOR THE PRODUCT.

Note Regarding Translations

[Translations](#) of these Instructions for Use into various languages are provided “AS-IS” and solely for the convenience of the reader. Eclipse2024.org has made reasonable efforts to ensure the accuracy of the Translations; however, in the event of any perceived discrepancy in meaning or interpretation between the English version and any Translation, the English version will prevail. You should not act in reliance on anything contained in any Translation of these Instructions for Use, but should refer to the official English version.


EKLIPS TOTAL SOLÈY LA - 8 avril 2024

Byenvini nan Amerik Dinò a!

Nou santi nou onore dèske ou chwazi vizite kontinan nou an pou asiste yon eklips total solèy la e nou ta renmen pou tout moun kapab wè bèl evènman sa a an sekirite!

*Nou bay enstriksyon sa yo nan lang kreyòl ayisyen sèlman nan lide pou rann sa pi fasil pou ou. Vèsyon angle enstriksyon, eksplikasyon ak avètisman sa yo (“enstriksyon yo”) se sous konplè enfòmasyon ak gid pou itilizasyon apwopriye ak kòrèk linèt pou eklips la pou ka gade solèy la dirèkteman. Enstriksyon sa yo disponib nan <https://tinyurl.com/2024Instructions>, epi ou dwe li, konprann ak suiv yo pou ka itilize linèt pou eklips la. **Si ou pa suiv enstriksyon sa yo, sa ka lakòz gwo domaj pèsònèl.***

Astwonòm yo rele eklips 8 avril 2024 la yon “eklips total” men pou ou ka rive wè tout eklips la, ou dwe rete sou yon bann tè ki sere anpil ki travèse Amerik Dinò a (li rele “trajektwa totalite”). Si ou pa nan trajektwa sa a, ou pral sèlman wè yon eklips pasyèl! Poutèt sa a, li enpòtan anpil pou konnen si ou nan trajektwa totalite a epi talè konsa nou pral eksplike metòd pou ou itilize a.



Trajektwa totalite a

GID DEMARAJ RAPID

ENSTRIKSYON DETAYE

Tèm “Linèt pou eklips la”, jan sa itilize nan dokiman sa a, nou konprann ke li reprezante “Eclipse Glasses” ke nou fè referans ak li nan avètisman an ki gen nan premye paj la epi nou fè referans ak li nan lòt kote nan dokiman sa a.

Lè ou itilize linèt pou eklips la, sa reprezante yon antant legal. Ou dwe suiv kòm sadwa e totalman tout enstriksyon ak rekòmasyon ki gen nan gid itilizasyon an pou ka itilize linèt pou eklips la pou obsève solèy la nenpòt kilè. Si ou pa konprann enstriksyon yo oswa ou pa ka suiv yo totalman e kòm sadwa oswa ou pa dakò ak kondisyon yo a, lè sa a, n ap konseye ou e òdone ou pou pa eseye gade solèy la nenpòt kilè nan itilize kèlkeswa metòd.

GID DEMARAJ RAPID POU LINÈT POU EKLIPS LA

Gid demaraj rapid sa a se rezime ki soti nan [ansanm enstriksyon detaye nan lang kreyòl ayisyen](#), ke ou dwe li, Konprann e konfòme ou ak yo totalman pou ka itilize linèt pou eklips la pou gade eklips la.









- 1) Chèche anplasan ou a nan eclipse2024.org/find-times pou wè si eklips la ap total oswa p ap total nan zòn ou an ansanm ak lè kontak apwoksimatif k ap genyen pou faz pasyèl ak (si sa aplikab) pou faz total yo nan anplasan sa a.
- 2) Yon eklips total se yon evènman ki ekstraòdinè anpil men ou ka jwi eksperyans totalite a sèlman si ou twouve ou nan “trajektwa totalite” a – ki se sèlman anviwon 200 km nan lajè. Si totalite a p ap vizib pou zòn kote ou konte gade li a, nou ankouraje ou anpil pou ou deplase ale nan yon pozisyon ki anndan trajektwa totalite a!
- 3) Pou itilize linèt pou eklips la pou ka gade eklips la, kenbe materyèl lantiy linèt pou eklips la dirèkteman sou je ou yo pou yo ka pwoteje totalman pou pa gade solèy la dirèkteman ak je w.
- 4) Kilè pou itilize linèt pou eklips la pou gade solèy la:
 - a. Si eklips la **PA PRAL** total nan zòn ou an, lè sa a, gade li avèk linèt pou eklips la pandan tout tan an. **OU GEN RISK POU GEN DOMAJ PÈMANAN NAN JE OU YO SI OU GADE SOLÈY LA SAN PWOTEKSYON JE KI APWOPRIYE!**
 - b. Si eklips la **PRAL** total nan zòn ou an, lè sa a ou DWE gade solèy la avèk linèt pou eklips la pandan nenpòt pati nan pati ki klere nan disk solèy la – menm si se yon pati tou piti sèlman - vizib. **OU GEN RISK POU GEN DOMAJ PÈMANAN NAN JE OU YO SI OU PA SUIV ENSTRIKSYON SA A!**
 - i. Sepandan, **pandan kout entèval eklips la total la SÈLMAN**, lè pa gen okenn pati nan disk solèy la ki vizib, ou dwe gade eklips total la dirèkteman, san ou pa itilize linèt pou eklips.
 - ii. Anfèt, si ou eseye itilize linèt pou eklips la pou gade solèy la pandan totalite a, ou p ap wè anyen ditou!
 - iii. Ou DWE tounen mete linèt pou eklips la osito totalite a fini epi pati ki klere nan disk solèy la retounen vizib.
- 5) Pou di li yon lòt fason,

**LÈ NENPÒT PATI NAN DISK SOLÈY LA KI KLERE A AP PARÈT, OU
DWE UTILIZE LINÈT POU EKLIPS LA POU GADE SOLÈY LA!**

ENSTRIKSYON DETAYE SOU UTILIZASYON LINÈT POU EKLIPS LA

Toudabò, gen kè tèminoloji ou dwe konprann!

Pou chak eklips, ak pou chak anplasman sou tè a, gen non ki bay a lè kèk evènman ki enpòtan yo. Yo rele sa yo:


Non evènman an	Deskripsyon evènman an	Ak kisa li sanble (pou yon eklips total)	Ak kisa li sanble (pou yon eklips pasyèl)
C1	Kòmansman faz pasyèl la		
C2	Kòmansman totalite a		** Sa pa rive! **
Eklips maksimal	Pwen medyan eklips la		
C3	Fen totalite a		** Sa pa rive! **
C4	Fen faz pasyèl la		

1) ENSTRIKSYON JENERAL POU UTILIZE LINÈT POU EKLIPS LA



- 1) [si sa aplikab] Debale linèt pou eklips la ak atansyon.
- 2) Kenbe linèt pou eklips la pwoteje lòske ou p ap itilize li.
- 3) Enspekte linèt pou eklips la anvan chak itilizasyon; si kouch lantiy la andomaje oswa chifonnen nan nenpòt fason an, kidonk kase linèt pou eklips la epi detwi li, ansuit [achte yon ranplasman ki pa domaje](#).
- 4) Si kouch lantiy la andomaje nan nenpòt fason an, pa itilize linèt pou eklips la pou ou gade solèy la nan okenn fason.
- 5) Pa retire materyèl kouch lantiy la nan linèt pou eklips la epi pa itilize materyèl kouch lantiy ki te retire pou ou gade solèy la nan okenn fason.
- 6) Lantiy linèt pou eklips ki monte kòm sadwa e ki pa gen domaj pral bloke nivo danjere limyè ki vizib la ansanm ak reyon iltravyolè ki ka lakòz domaj ak lòt reyon nan solèy la. Kidonk li totalman sekirite pou itilize linèt pou eklips la dapre konsèy enstriksyon sa yo bay la pou gade solèy la nenpòt kilè. Pa gen okenn “reyon eklips” espesyal ki rann gade solèy la plizoumwenn danjere pandan yon eklips.
- 7) **Ou dwe itilize linèt pou eklips la, nan fason ki dekri isit la, pou gade solèy la san danje nenpòt lè YON pati nan disk klere solèy la vizib. Sa vre pou kèlkeswa lè kontak eklips la (sa ki rele “C2” ak “C3” jan sa dekri anwo a) ke w te anrejistre apati nenpòt sous la.**
- 8) Pa itilize linèt pou eklips la ansanm ak nenpòt teleskòp, binokilè, lantiy, miwa oswa nenpòt lòt enstriman, aparèy oswa objè optik ki ka transmèt oswa reflekte limyè (“Aparèy optik”).
- 9) Pa janm pwente okenn aparèy optik nan sans solèy la e pa janm gade imaj solèy la dirèkteman nan itilize okenn aparèy optik ki pwente nan direksyon solèy la oswa ki nan nenpòt fason an rasanble, konsantre oswa redirije limyè solèy la.
- 10) Pa kite bèt oswa nenpòt moun ki gen yon andikap tanporè, ki pa ka li, konprann ak respekte obligasyon sa yo itilize linèt pou eklips la pou ou ka itilize linèt pou eklips la san danje oswa pou aksepte responsabiltè konsekans aksyon yo a.
- 11) Pou itilize linèt pou eklips la:


Kenbe linèt pou eklips la konplètman ant je w yo ak solèy la epi gade atravè materyèl lantiy la ki pa gen domaj la nan direksyon solèy la, kenbe materyèl lantiy linèt pou eklips la konplètman ant je w ak solèy la pandan toutan. Nan ka linèt pou eklips ki gen fòm linèt an katon yo, ou ka pliye katon an nan yon fason pou pote linèt pou eklips la jan w t ap pote yon linèt nòmal. Pa janm gade solèy la dirèkteman pandan eklips la pa total (sa vle di, pandan lè ant C2 ak C3 yo ke ou pral note nan tablo anba a, si lè sa yo aplikab pou anplasman kote w ap gade a) amwenske ou ap gade dirèkteman atravè materyèl lantiy linèt pou eklips ki san domaj la.
- 12) Pa itilize okenn materyèl oswa objè, ki se pa lantiy linèt pou eklips la ki enstale nan detantè yo a jan sa te soti nan fabrik la, kòm pwoteksyon je pandan w ap eseye gade solèy la.
- 13) Si ou gen nenpòt kesyon konsènan enstriksyon sa yo, tanpri kontakte [Eclipse2024.org](https://tinyurl.com/glasses-questions) nan <https://tinyurl.com/glasses-questions>.



2) APRANN LÈ ESPESIFIK EVÈNMAN YO NAN EKLIPS LA POU ZÒN OU AN

Dapre enfòmasyon ki bay nan eclipse2024.org/find-times pou zòn ou an, ranpli deklarasyon ki annapre a:

Nan zòn mwen an, eklips la:



(antoure youn)

Si eklips la **TOTAL** nan zòn ou a, suiv enstriksyon yo ki nan

“EKLIPS LA
TOTAL
NAN ZÒN MWEN AN”

[seksyon anba:](#)

Si eklips la **PA TOTAL** nan zòn ou an, suiv enstriksyon yo ki nan















“EKLIPS LA
PA TOTAL
NAN ZÒN MWEN AN”

[seksyon anba:](#)

**** EKLIPS LA *TOTAL* NAN ZÒN MWEN AN ****

Ou nan trajektwa totalite a e pral viv yon evènman ki ra e ki mèvèye! Li enpòtan anpil pou ou kapab detèmine kilè eklips la total nan zòn ou a. Ou pral kapab fè sa nan fè referans ak lè yo ou note anba a epitou paske p ap gen okenn pati klere nan disk solèy la k ap vizib pandan totalite a.

- 1) Dapre enfòmasyon ki bay nan eclipse2024.org/find-times pou zòn espesifik ou a, ekri lè apwoksimatif pou chak evènman eklips ki dekri anba a (asire ou [ajiste lè yo](#) pou lè zòn ou an!):

Anvan C1	* Pa gen eklips *				Ou DWE itilize linèt pou eklips la
C1	Faz pasyèl la kòmanse nan:				Ou DWE itilize linèt pou eklips la
C2	Faz total la kòmanse nan:				Aprè C2 , ou dwe obsève li ak je w san anyen
Eklips maksimal	Rive nan:				Ou ka obsève li ak je w san anyen!
C3	Faz total la fini nan:				Ou DWE itilize linèt pou eklips la ankò
C4	Faz pasyèl la fini nan:				Ou DWE itilize linèt pou eklips la
Aprè C4	* Pa gen eklips *				Ou DWE itilize linèt pou eklips la

- 2) Menm si ou twouve w nan trajektwa totalite a, ou DWE toujou itilize linèt pou eklips la pou gade solèy la pandan tout lè yo anvan C2 oswa apre C3 a lè eklips la pa total.

- 3) Ou ka obsève solèy la dirèkteman ak je w san anyen (san w pa itilize linèt pou eklips la) SÈLMAN::
 - a. si eklips la total nan zòn ou an (ou nan “trajektwa a”), EPI
 - b. pandan lè totalite yo (pandan anviwon tranch lè soti nan C2 pou C3 pou zòn ou an ke ou te note anwo a), EPI
 - c. **nenpòt lè lalin nan kouvri limyè disk solèy la TOTALMAN.**

Lè reyèl totalite yo pral varye anpil tou depann de anplasman egzak ou a, kidonk ou dwe idantifye ak anrejistre lè apwoksimatif yo alavans. Lè yo ke w anrejistre anwo a se yon apwoksimasyon yo ye!

- 4) Yon lòt fwa ankò, kèlkeswa lè ki note nan lis ki anwo a oswa ki rasanble apati lòt sous, **ou dwe toujou gade solèy la nan itilize linèt pou eklips la CHAK FWA NENPÒT PATI nan limyè disk solèy la vizib.**
- 5) Enstriksyon sa yo gen yon grafik eksplikatif anplis ki akonpaye yo kòm èd pou ede konprann yo.

Ou dwe li, konprann ak respekte deklarasyon sa yo:











MWEN DWE SUIV TOUT ENSTRIKSYON YO KONSÈNAN ITILIZASYON LINÈT POU EKLIPS LA POU KA ITILIZE YO AN SEKIRITE.

SI GEN NENPÒT PATI NAN DISK SOLÈY LA KI KLERE A KI VIZIB, MWEN DWE ITILIZE LINÈT POU EKLIPS LA LÈ M AP GADE SOLÈY LA.

**** EKLIPS LA PA TOTAL NAN ZÒN MWEN AN ****

Ou pa nan trajektwa totalite a, kidonk ou pa pral viv bote yon eklips total. (Nou rekòmande ou anpil pou mete ou nan yon pozisyon ki nan trajektwa totalite a pou ka pataje eksperyans eksepsyonèl sa a!)

- 1) Dapre enfòmasyon ki bay nan eclipse2024.org/find-times pou zòn espesifik ou a, ekri lè apwoksimatif pou chak evènman eklips ki dekri anba a (asire ou [ajiste lè yo](#) pou lè zòn ou an!):

Anvan C1	* Pa gen eklips *				Ou DWE itilize linèt pou eklips la
C1	Faz pasyèl la kòmanse nan:				Ou DWE itilize linèt pou eklips la
Eklips maksimal	Rive nan:				Ou DWE itilize linèt pou eklips la
C4	Faz pasyèl la fini nan:				Ou DWE itilize linèt pou eklips la
Aprè C4	* Pa gen eklips *				Ou DWE itilize linèt pou eklips la



(Sonje pa gen okenn lè C2 ak C3 ki mansyone piske eklips la pa total nan zòn ou an!)

- 2) Piske eklips la pa total kote ou ye a, ou dwe **TOUJOU** itilize linèt pou eklips la pou obsève solèy la. Yon lòt fwa, nou rekòmande pou ou deplase ale nan trajektwa totalite a. Asire ou pran linèt pou eklips la avèk ou pou ka obsève san danje faz pasyèl eklips la!
- 3) Enstriksyon sa yo gen yon grafik eksplikatif anplis ki akonpaye yo kòm èd pou ede konprann yo.

Ou dwe li, konprann ak respekte deklarasyon sa yo:

MWEN DWE SUIV TOUT ENSTRIKSYON YO KONSÈNAN UTILIZASYON LINÈT POU EKLIPS LA POU KA UTILIZE YO AN SEKIRITE.

MWEN DWE TOUJOU UTILIZE LINÈT POU EKLIPS LA LÈ M AP GADE SOLÈY LA.



PDF

kreyòl ayisyen

GRAN ECLIPSE NORTEAMERICANO
GRANDE ÉCLIPSE NORD - AMÉRICAINÉ
GREAT NORTH AMERICAN ECLIPSE

